

# Transmucosal Buprenorphine Consent Form, Haitian Creole Translation

## KONSANTMAN POU TRETMAN AVÈK BUPRENORPHINE TRANSMIKEZ

Buprenorphine se yon medikaman ki apwouve pa FDA a pou tretman moun ki genyen twoub itilizasyon opyoyid. Buprenorphine disponib sou fòm konprime, film, ak sou fòm enjeksyon. Fòm konprime ak fòm film medikaman yo plis souvan disponib nan yon konbinezon de medikaman, buprenorphine ak naloxone. Konprime buprenorphine-mono a jeneralman rezève pou fanm ansent.

Yo te montre ke buprenorphine se yon medikaman ki san danje epi ki efikas pou tretman twoub itilizasyon opyoyid alontèm. Sepandan, lefètke buprenorphine se yon medikaman opyoyid, itilizasyon regilye medikaman an pral mennen depandans fizik. Sevraj nan buprenorphine jeneralman mwens entans pase sevraj nan ewoyin oswa methadone. Si pasyan yo kanpe buprenorphine nan toudenkou, yo kapab genyen sentòm lejè lè y ap kite l tandiske lòt moun kapab genyen plis sentòm ki grav tankou doulè nan misk, kranp nan lestomak, oswa ensomni ki dire plizyè jou jiska plizyè semèn. Pou minimize posiblite pou sevraj opyoyid la, yo dwe kanpe buprenorphine lan pwogresivman epi avèk sipò ekip tretman an.

Lè yo konbine buprenorphine avèk alkòl oswa medikaman sedatif tankou benzodiazepine yo, sa kapab danjre epi kapab mennen òvèdòz oswa lanmò. Li rekòmande pou diskite sou tout medikaman ou yo avèk ekip swen sante ou an.

Konprime buprenorphine/film yo **dwe** rete anba lang lan jiskaske medikaman an fonn nèt. Buprenorphine p ap absòbe nan lestomak la si ou vale l. Evite manje, bwè, ak fimen jiska 15 minit aprè ou fin pran medikaman an.

Si ou depann de opyoyid, tankou fentanyl oswa methadone, ou dwe nan otan sevraj jan ou ka jere l lè w ap pran premye dòz Buprenorphine ou an. Lè ou nan sevraj sa vle di ke ansyen opyoyid ki te itilize a pral genyen mwens chans pou entèrajè avèk medikaman an. Si ou pa nan yon sevraj, buprenorphine ka lakoz gwo sevraj opyoyid byen vit.

Li kapab pran plizyè jou pou fè tranzisyon byen alèz soti nan opyoyid w ap pran an pou ale nan buprenorphine. Aprè ou fin jwenn estabilite sou buprenorphine nan, itilizasyon lòt opyoyid la pral genyen mwens efè. Tantativ pou netralize buprenorphine nan pandan w ap pran plis opyoyid ka mennen yon òvèdòz.

---

Non an Lèt Detache	Siyen Non	Dat
Temwen	Dat	

---